

Teste pou kont ou Lakay ou

Kijan pou ou itilize tès COVID-19 iHealth lan pou kont ou

1


Etap 1 : Prepare materyèl ou

Ou kapab genyen Seri Tès 1 OSWA Seri Tès 2 nan pake a. Tanpri swiv etap korèk dapre seri espesifik ou resevwa.


Seri Tès 1 ap vini ak :



Yon Kat tès COVID-19



Yon tib ki genyen likid tès la



Yon tij koton


Lè w pare pou kòmanse ak tès la, ouvri ti posh papye aliminyum kat tès COVID-19 lan.

Ale dirèk nan Etap 2 Kolekte Echantiyon


Seri Tès 2 ap vini ak :




Yon Kat tès COVID-19



Yon tib vid ak Solisyon Sele




Yon tij koton




Kwen 1

Kwen 2



Kwen 1

Kwen 2



Kwen 1

Kwen 2

Lokalize de pwent tib vid la, epi peze solisyon sele a nan tib vid la.

Asire w nivo likid LAN ANLÈ kwen 2*

Lè ou pare pou kòmanse ak tès la, ouvri ti posh Tès Kat COVID-19 lan.


Ale dirèk nan Etap 2 Kolekte Echantiyon

*Li aseptab si likid la anlè kwen 2. Sepandan, tanpri pa kontinye ak tès la si nivo likid la pi ba kwen 2, sa ka lakòz rezilta fo oswa envalid.

Pou plis enfòmasyon, ale nan mass.gov/COVID19selftest

2

Etap 2 : Kolekte echantiyon ou



Retire tanpon an nan pake a.
PA MANYEN TET TANPON AN AK DWET OU
Kenbe posh tanpon an pou itilize apre.



Rive ¾ pous nan twou nen an


Toudousman mete tout pwent tanpon an (jeneralman ½ oswa ¼ pous) nan twou nen ou.

Ak timoun, pi lwen ou kapab mete tanpon an nan twou nen yo kapab pi piti pase ¾ pous, epi ou kapab bezwen yon dezyèm moun pou kenbe tèt timoun nan pandan wap fè prelevman an.

Bwose tanpon an andedan twou nen an nan yon sèk omwen 5 fwa.

Fè li fèm epi Dousman - pran omwen 15 segonn pou kolekte echantiyon an epi asire w ou kolekte tout likid ki nan nen an.

Itilize MENM TANPON an, repete pwosesis la pou lòt twou nen an.



Frote

x5

Frote

x5


Ou kapab jwenn yon rezilta tès ki pa kòrèk si ou pa kolekte yon bon kantite echantiyon ak tanpon w

3

Etap 3 : Trete echantiyon ou




Frape tib la tou dousman, tou dwat sou yon tab epi vire gwo bouchon oranj lan pou ouvri.




Vire x15

Vire pwent tanpon an nan fon tib la omwen 15 fwa.



Peze sou kote tib la pou ou kapab pran yon bon kantite echantiyon sou tanpon an.

Ou kapab pa genyen ase echantiyon materyèl pou fè tès la byen si ou pa peze tanpon an.



Retire tanpon an epi remete gwo bouchon oranj lan nan tib la.

Remete tanpon an nan pake a pou ou ka jete li.

4

Etap 4 : Ajoute Echantiyon an



Kounye a echantiyon an nan tib la.

Pou w teste echantiyon an, vise ti bouchon blan tib la.

Ajoute twa gout echantiyon nan Pòt Echantiyon Kat Tès COVID-19 lan.

Revize ti bouchon blan an.

Tann 15 minit pou rezilta ou pare.


Kou ou fin ajoute echantiyon an nan Pòt echantiyon an kòmanse revèy la tou swit. Rezilta ap pare nan 15 minit epi lap ekspire apre 30 minit.

Yon fo rezilta negatif oswa yon fo rezilta pozitif kapab rive si yo li rezilta anvan 15 minit oswa apre 30 minit.

Entèprete Rezilta

Tès COVID-19 15 minit 3 gout

Rezilta Pozitif



Remake liy T a kapab pal.


Yon rezilta POZITIF dwe montre TOULEDE liy yo ni liy C ni liy T. Yon rezilta pozitif vle di moun nan pozitif pou COVID-19.

Ale nan mass.gov/COVIDselftest pou konnen sa pou fè. Ou dwe kontakte founisè sante ou sou rezilta pozitif ou, sitou si ou genyen pwoblèm sante ki mete ou a risk lòt gwo maladi serie ak COVID-19.

Rezilta envalid: Si pa genyen OKENN LIY, oswa si genyen YON SÈL LIY tès la pa reyisi. Wap oblije reteste ak yon nouvo tès kit. Si nouvo rezilta ou a envalid tou, Al teste nan yon sant pou teste oswa kontakte yon pwofesyonèl swen sante.

Jete twous tès la: Apre tès la fin fèt, jete tout materyèl tès la nan poubèl.

Rezilta Negatif



Yon rezilta NEGATIF ap montre SELMAN yon liy C. Yon rezilta negatif vle di moun nan sipoze negatif pou COVID-19.

Yon rezilta negatif pa eskli nèt COVID-19. Si ou genyen sentòm COVID-19, sitou si ou konnen ou te frekante yon moun ki genyen COVID-19, ale teste nan yon sant kote yo fè tès oswa refè tès la apre 1-2 jou epi konsilte yon pwofesyonèl swen sante.

